

Ki kalite èd finansye ki disponib?

- **Sibvansyon** (lajan gratis) yo bay selon bezwen finansye elèv la epi li pa bezwen remèt li.
- **Travay-Etid** pèmèt elèv yo touche lajan pandan ane lekòl la pandan y ap tou pran eksperyans travay ki gen anpil valè, tipikman nan a tan pasyèl, travay ki gen rapò ak karyè li .
- **Lajan Prete** konpoze de lajan ke elèv la prete pou ede l peye pou inivèsite . Men lajan sa fòk li remèt (plis enterè). Gen de kalite ki pi komen de prè ke Depatman Edikasyon Ameriken an ofri gen ladan yo: Dirèk prè sibvansyone ak Lajan Prete Sibvansyone.
 - **Prè dirèk sibvansyone** yo se prè ki disponib a elèv ki kalifye a koz de bezwen finansye yo. Enterè a sou prè sa yo kouvri jouska sis mwa apre elèv yo kite lekòl la.
 - **Dirèk Lajan Prete** Sibvansyone yo se prè disponib a elèv inivèsite, elèv ka fè metriz ak elèv pwofesyonèl yo; pa gen okenn kondisyon pou demontre ke ou gen bezwen èd finansye pou ka resevwa lajan sa. Enterè a a kòmans konte imedyatman sou prè sa yo. ranbousman prè sa yo kòmans sis mwa apre elèv yo kite lekòl la.

Ki dat limit la pou aplike pou èd finansye?

Pou ane lekòl la 2017-2018, elèv yo ka kòmans aplike pou FAFSA kòmansman depi Oktòb 1 2016 epi sèvi ak enfòmasyon tax 2015 yo. Paske lekòl yo itilize FAFSA a pou bay lòt kalite èd (èd leta, bous detid prive, elatriye), elèv yo ta dwe tcheke avèk inivèsite yo enterese a, paske anpil gen prop dat limit priyorite pou soumèt FAFSA.

Ki dokiman ki nesèsè pou aplike pou FAFSA a?

Lè w ranpli FAFSA a, li ta bon pou gen aksè a enfòmasyon sa yo ki nan lis sa pou fe procesis la mache pi vit e san problem:

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Nimewo kat rezidans (si sa aplikab)
- Enfòmasyon sou tax federal
- Tout rekò tax ki pa kontrole nan dokiman tax la
- Lajan Kach, lajan ekonomi epi kantite kòb ki sou kont bank
- Lòt investisman ki pa gen rapò ak kay kote wap viv la

Ki kantite èd finansye elèv yo ka resevwa?

Chak elèv ap kalifye pou yon pake èd finansye diferan, ki baze sou anpil faktè. Apre elèv yo soumèt FAFSA yo, chak lekòl elèv la chwazi nan aplikasyon an ap detèmine yon pake èd finansye epi voye yon lèt kap fè w konnen ki kalite èd yo ba ou ak ki kantite lajan yo ap ofri. Sa depann de plizyè faktè, ki gen ladan:

- Konbyen kòb lekòl la ap koute
- Kantite kontribisyon ke Fanmi elèv la ka bay (ki baze sou enfòmasyon ki antre nan FAFSA a)
- Nan ki ane elèv la ye
- Eske elèv la ap pra kou a plen tan, a tan pasyèl, elatriye)

Pi bonè FAFSA a fin ranpli, se pi bonè lekòl yo ka voye èd finansye ofri elèv la . Konsa paran an ak elèv la ka pran yon bon desizyon pou yo konnen ki inivèsite oubyen lekòl profesyonèl kap pi bon pou elèv la.